

Aprè piki yo... Kisa pou w fè si pitit ou a gen malèz

Pitit ou a ka bezwen plis lanmou ak swen apre li fin pran vaksen an. Gen kèk vaksen ki pwoteje timoun yo kont maladi grav ki ka lakòz malèz tou pou yon ti tan.

Men repons pou kesyon anpil paran genyen apre pitit yo fin pran vaksen an. Si fèy sa a pa reponn kesyon ou yo, rele founisè swen sante w.

Vaksinasyon ka fè mal tou piti... men maladi a ka fè mal anpil!

Rele founisè swen sante w la oswa sèvis ijans yo touswit si ou reponn "wi" a nenpòt nan kesyon sa yo:

- ☐ Èske pitit ou a gen yon lafyèv ke founisè swen sante ou a te di w pou ou enkyete w pou li?
- ☐ Èske pitit ou a pal oswa ap bwete?
- ☐ Èske pitit ou a ap kriye pandan plis pase 3 èdtan epi li pa vle sispann?
- ☐ Èske kò pitit ou a ap tranble, ap fè ti mouvman, oswa ap souke?
- ☐ Èske pitit ou a sanble mwens aktif oswa reyaji mwens?

- Tanpri gade paj 2 pou enfòmasyon sou kantite medikaman ki apwopriye pou bay pitit ou a pou diminye doulè oswa lafyèv.



Mwen panse pitit mwen an gen lafyèv. Kisa mwen ta dwe fè?

- Yon lafyèv vle di sistèm iminitè timoun nan "aktive". Sa kapab akòz vaksen an ap mache oswa paske timoun nan gen yon enfeksyon.
- Tcheke tanperati pitit ou a. Sèvi ak enstriksyon tèmomèt la oswa gade "Kijan pou tcheke tanperati pitit ou a" sou healthychildren.org
- Yon tanperati 100.4° Farenayt (38° selsiyis) oswa plis se yon lafyèv.

Medikaman pou lafyèv oswa malèz:

- Medikaman sa yo ede ak lafyèv ak malèz:
 - Ibipwofen (non mak Advil, Motrin) – dire apeprè 6 èdtan
 - Asetaminofèn (non mak Tylenol) – dire apeprè 4 èdtan
 - Pa bay timoun oswa adolesan ki poko gen 18 an aspirin!
- Dòz medikaman an ta dwe baze sou pwa pitit ou a ak enstriksyon founisè swen sante ou a; gade enfòmasyon ki anba a ak tablo yo nan paj 2.

Men plis fason pou ede diminye lafyèv:

- Bay pitit ou a anpil likid.
- Abiye pitit ou a yon fason lejè. Pa kouvri oswa vlope pitit ou a twò sere.

Men lòt fason pou ede yon manm ki anfle, cho ak wouj:

- Mete yon twal pwòp, fre, epi mouye sou zòn ki fè mal la pou konfò. Fè sa pandan 10 minit 3 fwa pa jou.
- Tcheke kote a chak jou. Si li pa amelyore apre 1-2 jou, rele founisè swen sante w.

Si pitit ou a sanble malad anpil:

- Fèy sa a pa ka ranplase konsèy medikal. Si pitit ou a sanble malad anpil, chèche konsèy medikal nan men founisè swen sante w.

kontinye sou pwochen paj la ►

FOUNISÈ SWEN SANTE: TANPRI RANPLI ENFÒMASYON KI ANBA YO.

Si tanperati pitit ou a se _____ °F oswa _____ °S oswa piwo, oswa si ou gen kesyon, rele founisè swen sante w.

Nimewo telefòn founisè swen sante _____

Medikaman (si sa nesèsè) _____
NON MEDIKAMAN/KALITE FÒMILÈ

Bay _____ chak _____ èdtan jan sa nesèsè.



Medikaman ak Dòz pou Diminye Doulè ak Lafyèw

Chwazi bon medikaman an, epi mezire dòz la avèk prezizyon.

1. Si tibebe w la gen lafyèw nan premye 12 semèn lavi li, kontakte founisè swen sante w la.
2. Pa itilize asetaminofèn (pa egzanp, Tylenol) sou tibebe ki poko gen 12 semèn oswa ibipwofèn (pa egzanp, Advil, Motrin) sou tibebe ki poko gen 6 mwa sof si founisè swen sante w la di w fè sa.
3. Mande founisè swen sante w la oswa famasyen w la ki medikaman ki pi bon pou pitit ou a ak ki dòz pou w itilize.
4. Bay dòz la selon pwa pitit ou a. Si ou pa konnen pwa pitit ou a, bay dòz la selon laj pitit ou a. Pa bay plis medikaman pase sa yo rekòmande.
5. Si ou gen kesyon sou kantite dòz oswa nenpòt lòt enkyetid, rele founisè swen sante w la oswa famasyen w la.

6. Toujou sèvi ak yon aparèy mezi ki apwopriye lè w ap bay asetaminofèn likid oswa ibipwofèn likid (pa egzanp, Advil, Motrin):
 - Sèvi ak aparèy ki nan pake a. Si aparèy sa a pèdi, konsilte founisè swen sante w la oswa famasyen w pou konsèy.
 - Kiyè pou lè repa yo pa mezire avèk prezizyon. Pa sèvi ak yon kiye pou lè repa pou bay medikaman.

Pran de etap sa yo pou evite lakòz yon sidozaj medikaman grav lakay pitit ou a.

1. Pa bay pitit ou yon pi gwo kantite asetaminofèn oswa ibipwofèn pase sa ki endike nan tablo ki anba a. Twòp nan nenpòt nan medikaman sa yo ka danjere.
2. Lè w ap bay pitit ou asetaminofèn oswa ibipwofèn, pa ba li medikaman pou tous oswa grip ki vann san preskripsyon tou. Sa ka lakòz yon sidozaj medikaman paske medikaman pou tous ak grip yo souvan gen asetaminofèn oswa ibipwofèn.

ASETAMINOFÈN (Tylenol oswa lòt mak *): Konbyen pou bay?

Bay chak 4 a 6 èdtan, jan sa nesesè, pa bay plis pase 4 dòz nan 24 èdtan (sof si founisè swen sante w la di w fè sa).

Pwa Timoun	Laj Timoun	Likid tou Tibebe 160 mg/5 mL	Likid pou timoun yo 160 mg/5 mL	Tablèt pou timoun ki ka moulèn 160 mg/konprime	Pake ki ka fonn pou timoun yo 160 mg/ pake poud	Konprime Adilt 325 mg/konprime	Konprime Adilt 500 mg/ konprime
0 a 11 liv (jiska 5 kg)	0 a 3 mwa	—	—	—	—	—	—
12 a 17 liv (6 a 7 kg)	4 a 11 mwa	2.5 mL	—	—	—	—	—
18 a 23 liv (8 a 10 kg)	12 a 23 mwa	3.75 mL	—	—	—	—	—
24 a 35 liv (11 a 15 kg)	2 a 3 ane	—	5 mL	1 konprime	—	—	—
36 a 47 liv (16 a 21 kg)	4 a 5 ane	—	7.5 mL	1½ konprime	—	—	—
48 a 59 liv (22 a 26 kg)	6 a 8 ane	—	10 mL	2 konprime	2 konprime	1 konprime	—
60 a 71 liv (27 a 32 kg)	9 a 10 ane	—	12.5 mL	2½ konprime	2 konprime	1 konprime	—
72 a 95 liv (33 a 43 kg)	11 ane	—	15 mL	3 konprime	3 konprime	1½ konprime	1 konprime
96 lbs (44 kg) oswa plis	12 ane oswa pi gran	—	10 mL + 10 mL = 20 mL	4 konprime	—	2 konprime	1 konprime

* Tablo sa a sèlman gen ladan pwodwi ki disponib toupatou Ozetazini.

Referans: <https://www.healthychildren.org/English/safety-prevention/at-home/medication-safety/Pages/Acetaminophen-for-fever-and-pain.aspx>

IBIPWOFÈN (Advil, Motrin, oswa lòt mak *): Konbyen pou bay?

Bay chak 6 a 8 èdtan, jan sa nesesè, pa bay plis pase 4 dòz nan 24 èdtan (sof si founisè swen sante w la di w fè sa).

Pwa timoun	Laj timoun	Gout pou tibebe 50 mg/1.25 mL	Likid pou timoun yo 100 mg/5 mL	Tablèt pou timoun ki ka moulèn 50 mg/ konprime	Konprime ki fò pou timoun 100 mg/ konprime	Konprime pou Adilt 200 mg/ konprime
0 a 11 liv (jiska 5 kg)	0 a 5 mwa	—	—	—	—	—
12 a 17 liv (6 a 7 kg)	6 a 11 mwa	1.25 mL	2.5 mL	—	—	—
18 a 23 liv (8 a 10 kg)	12 a 23 mwa	1.875 mL	4 mL	—	—	—
24 a 35 liv (11-15 kg)	2 a 3 ane	2.5 mL	5 mL	2 konprime	—	—
36 a 47 liv (16 a 21 kg)	4 a 5 ane	3.75 mL	7.5 mL	3 konprime	—	—
48 a 59 liv (22 a 26 kg)	6 a 8 ane	5 mL	10 mL	4 konprime	2 konprime	1 konprime
60 a 71 liv (27 a 32 kg)	9 a 10 ane	—	12.5 mL	5 konprime	2½ konprime	1 konprime
72 a 95 liv (33 a 43 kg)	11 ane	—	15 mL	6 konprime	3 konprime	1½ konprime
96 liv (44 kg) oswa plis	12 ane oswa pi gran	—	10 mL + 10 mL = 20 mL	8 konprime	4 konprime	2 konprime

* Tablo sa a sèlman gen ladan pwodwi ki disponib toupatou Ozetazini.

Referans: <https://www.healthychildren.org/English/safety-prevention/at-home/medication-safety/Pages/Ibuprofen-for-fever-and-pain.aspx>